CIVIC ACTION TEAMS

Coronavirus CivActs Campaign presents

# FAIR FACTS

अंक १२१

२८ ।०५ ।२०७८



## झकुण्डेबेशी-नमोबुद्ध नगरपालिकासँ खोप केन्द्रतक पहुँच नै सकवला जेष्ठ नागरिकके लेल घरघरमे पहुँचक कोरोना विरुद्धके खोप लगावके व्यवस्था केने छै ।

*तस्विर: केशवराज पौडेल*




२०७८ साल आश्विन अन्त तकमे सरकार आरो ६० लाख खुराक कोरोना विरुद्धके खोप लाबके तैयारी केने छै ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**कि पौर साल जका एहि साल सेहो पाबैनतिहारके समयमे कोभिड - १९ के संक्रमण बढ्तै ?**

किनबेच केलापर आ नातागोतासंगेके भेटघाट बढेलापर पौर साल दशमीमे संक्रमण बढल छलै ।

---

**निपा भाईरसके हल्ला छै । ई केना सरैत् छै ? एकर संक्रमण छै कहिक केना बुझबै ?**

बादुरसँ सुगर, गाई, बरद होईत आदमीमे, संक्रमित जानवरसँ फलफुल होईत आदमीमे आ संक्रमित आदमी सँ आदमीमे सेहो सरैत छै ।

---


**सरकारद्वारा विद्यालय विद्यालयमे नसिंङ सेवा सञ्चालन करहल छै कहादन । कि सब विद्यालयमे छै ?**

नसिंङसेवा लागु करके लेल विद्यालय छानकालमे विद्यार्थीके संख्या कम्तिमे सेहो ५०० कोई आ किशोरकि संख्या बेसी भेल होब परतै।

# फ्याक्ट सिट

## कि पौर साल जहिना अहु साल सेहो पाबैनतिहारके समयमे कोभिड - १९ के संक्रमण बढ्तै ?

### २०७७ सालके दशमीके समयमे प्रत्येक दिन कोभिड - १९ सँ संक्रमितके संख्या




पौर साल दशमीके समयमे सरकार बन्दाबन्दी केने छलै । ओते भेलाके बावजुदो किछ सप्ताह आगुके तुलनामे संक्रमण १५०% सँ बढल छलै । यद्यपी आवागमनमे कडाई कएलगेल छलै, लेकिन तैयो विशेष कलक नुकालक किनबेच केला सँ आ नातागोता सँ भेटघाट बढेला सँ संक्रमण बढल छलै ।

किछ सप्ताह ईम्हर कोभिड - १९ के नयाँ संक्रमितके संख्या औषतमे प्रत्येक दिन १५०० के आसपास पहुँचल छै । तहिना कल, संक्रमण दर सेहो घैटक १०% सँ सेहो कम भेल छै । खोप लगाबवलासभके संख्या दिन प्रतिदिन बैढरहल छै । जै सँ सरकारके बहुते जगहसभपर निशेषाज्ञा ढिला करमे सहज भेल छै । काठमाण्डौमे त, पूर्ण रुपमे खुला भगेल छै । तै सँ सेहो पौर सालके तुलनामे अई साल दशमीमे आदमीसभके आवाजाही बढनाई निश्चित छै । जँ आदमीसभ स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्डके पालना नै करतै त, दैनिक संक्रमितके संख्या बढके सम्भावना सेहो ओतबे छै । खोपसँ मात्रे पूर्णरुपमे रोग प्रतिरोधी बनाएत से नै होईछै । तहुसँ सेहो हमसभ अई सालके दशमीमे बेसी सचेत होब परत से देखाईत छै । मास्क ठिक सँ प्रयोग करी, अपनो सुरक्षित रहि, आरोके सेहो सुरक्षित राखि ।

# हल्ला आ तथ्य

फेरो निपा भाईरसके हल्ला छै । ई केना सरैत छै ? एकर संक्रमण छै कहिक केना बुझबै ?

ई भाईरस सन् १९९९ मे सबसँ पहिले सुगर पालवला किसानमे मलेसियामे देखाएल छलै । विशेष कलक ई भाईरस बादुर सँ सरैत छै । लेकिन, बादुर सँ सुगर, गाई, बरद होईत आदमीमे, संक्रमति जानवर सँ फलफुल होईत आदमीमे आ संक्रमित आदमी सँ आदमीमे सेहो सर सकैत छै । अईके लक्षण कहबैत बुखार लगनाई, मन घुमनाई, माथ आ मांसपेशी दुखेनाई, उल्टी हेतै जेना लगनाई, श्वासप्रश्वासमे कठिनाई भेनाई, आ टन्सिलाईटिस भेनाई छै । एकरा चिन्हके विधी सेहो कोरोना भाईरस जहिना आरटि, पिसिआर छै । अई भाईरसके अखनतक कोनो भी खोप तथा दवाई पता नै लागल छै ।

Source: https://www.who.int/news-room/fact-sheets/detail/nipah-virus

सरकार २०७८ साउन सँ कोभिड - १९ संक्रमण जोखिम नियन्त्रणके लेल स्मार्ट लकडाउन कार्यविधि कार्यान्वयनमे अनने छै । ओई कार्यविधी अनुसार लकडाउनके जोखिम मूल्याँकनके आधारमे चाईर भागमे विभाजन कएलगेल छै । जै अनुसार कडा लकडाउन, मिश्रित लकडाउन, नरम लकडाउन र न्यूनतम लकडाउन रहल छै । जँ कोनो जगहपर न्यूनतम लकडाउन लागु छै त स्वास्थ्य मापदण्डके पूर्ण पालना करैत भीडभाड नै होई तेनाक गतिविधी सञ्चालन कर सकैछी । आरो प्रकारमे कि कर सकैछी, कि नै कर सकैछी कहिक निचाके लिंकमे विस्तृत रुपमे उल्लेख कएलगेल छै ।

Source: https://mofaga.gov.np/news-notice/2480

अखन कोनो कोनो जगहपर निषेधाज्ञा कायमे कहैत छै । दुकान, यातायता आ आरो सब चैले रहल छै त ? फेर निहिले कुनै कुनै ठाउँमा निषेधाज्ञा कथिके छै ?

आब सरकार विद्यालय विद्यालयमे नर्सिंङ सेवा सञ्चालन करहल छै कहादन । कि सब विद्यालयमे छै ?

नै, तैके लेल सरकार मापदण्ड बनेने छै । आ.ब. २०७६/७७ मे १२ टा स्थानीय, आ.व. २०७७/७८ मे आरो १० टा स्थानीय तह आ आ.व. २०७८/७९ मे आरो २ टा कल जम्मा २४ टा स्थानीय तहके २२२ टा माध्यामिक विद्यालयमे स्वास्थ्य तथा नर्सिङ सेवा कार्यक्रम लागु कएलगेल छै । ऊ सेवा शुरु करके लेल विद्यालय छान कालमे विद्यार्थीके संख्या कम्तिमे सेहो ५०० कोई आ किशोरीके संख्या बेसी भेल होब परतै । तहिना कलक, सम्बन्धित स्थानीय तहसँ मापदण्ड पुरा केने विद्यालय छाईनक सम्झौता कल कार्यक्रम लागु कर परतै ।

Source: https://dohs.gov.np/wp-content/uploads/2021/09/Local-Levle-Final-Guideline-2078.079.pdf


# कोभिड - १९ खोपके ताजा अद्यावधिक

अहिलेसम्म प्राप्त जम्मा खोपको मात्रा **१,०५,२६,२७०**

**कोभिशिल्ड खोप**
**३१,९१,४२०**

**भेरोसेल खोप**
**५८,००,०००**

**जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप**
**१५,३४,८५०**



भारत सरकारबाट अनुदान प्राप्त
११,००,०००

भारतबाट खरिद गरिएको
१०,००,०००

भुटान
२,३०,०००

जापान (कोभ्याक्स सुविधा)
५,१३,४२०

कोभ्याक्स सुविधा (गाभी)बाट अनुदान प्राप्त
३,४५,०००

चीन सरकारबाट अनुदान प्राप्त
१८,००,०००

चीनबाट खरिद खगरिएका
४०,००,०००

संयुक्त राज्य अमेरिकाबाट अनुदान प्राप्त
१५,३४,८५०

पहिले प्रस्तुत केने सँ अई बेर
**५.५%**
ले बृद्धी

१८ वर्ष माथिको जम्मा जनसंख्या *(खोपको लागि योग्य जनसंख्या)*:
**२,०२,९१,२५४**

११८ वर्ष उमेर समुहसँ उपरके पूर्ण खोप प्राप्त जनसंख्या प्रतिशतमे
**२५.४६%**


१८ वर्ष उमेर समुह माथीको जम्मा जनसंख्यालाई आवश्यक जम्मा खोपको मात्रा
**३,७५,१२,८०८**

## चीनसँ आबवला आरो खोपके मात्रा

किन लागल :
**४४,००,०००**

अनुदानमे प्राप्त होबवला :
**१६,००,०००**

खोप आश्विन अन्ततक आओत कहलगेल छै ।




COCAP

## कतारमे १८ अगष्त २०२१ तक आवेदन देने नेपालीके राहदानी वितरणके लेल तैयार

### यूएई




- दुबईद्वारा एक्स्पो -२०२० के आगन्तुकके लेल ९ टा जगहपर नि:शुल्क बस सेवा शुरु केने छै ।
- उम अल क्वैन (Umm Al Quwain) मे २३२ शैया सहितके कोभिड फिल्ड अस्पताल खुला भेल छै ।
- यूएईद्वारा साउदी अरब आ यूएई बीचके उडान पुन: खोलने छै । आब पहिलेहि जका उडान हेतै ।
- ६ महिना सँ बेसी यूएई बाहर भलक भिषा अवधी खतम भेल आवासिय भीषा बाहकसभके नयाँ प्रवेशाज्ञामे प्रवेश देल जेतै । अईके लेल विश्व स्वास्थ्य संगठन सँ मान्यता प्राप्त खोपके पूर्ण मात्रा लगाचुकल होब परत।

### कतार




- एतराज एप्समा तेस्रो मात्रा खोपको विवरण अपडेट आएको छ । फाइजर र मोडर्ना कम्पनीको दोस्रो मात्रा खोप लगाएको ८ महिना बितिसकेका उच्च जोखिम बर्गमा पर्ने व्यक्तिहरुलाई सेप्टेम्बर १५ देखि तेस्रो मात्रा (बुस्टर डोज) खोप वितरण गर्ने स्वास्थ्य मन्त्रालयले जानकारी दिएको छ ।
- १८ अगष्ट २०२१ सम्म आवेदन दिएकाहरुको राहदानी वितरणको लागि तयार भएको नेपाली दूतावासले जानकारी दिएको छ । राहदानी लिनका लागि राजश्व तिरेको रसिद र हाल साथमा रहेको राहदानी लिएर बिहान ११ बजेदेखि अपरान्ह ३ बजेसम्म दूतावास जानूपर्ने छ ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

LIVE

# खिस्सा किनाराके

## युद्धसँ वैदेशिक रोजगारीमे खिहारलगेल मायाराम, नेपाली सेनाके नौकरी सँ जनप्रतिनिधी तक

ज्वालामुखी - ७, धादिङके मायानाथ सिलवाल २०४९ सालमे एसएलसी पास केलैथ । गाममे उच्च शिक्षा पढ्वला क्याम्पस नै छलै । किछ साल घरेखेतमे बितेलाह । निम्न मध्यम परिवारके हुनका परिवारके जरुरत पुराकरके लेल पैसा कमायके छलै । २०५६ साल दिसके बात छै, साथिभाईसँ नेपाली सेनामे नौकरी खुलल पता लगलै । आवेदन देलैथ आ छनेलैथ सेहो । द्वन्दकाल भेला सँ सेनाके नौकरी खेनाई ओतेक आसान नै छलै । किछ साल हुनकर नौकरी बढिएजका चललै । लेकिन, धिरे धिरे हुनकर परिवार असुरक्षित महसुस कर लागल । अपन नौकरीके कारण अपना आ परिवारके खतरा होईत देखलाके बाद नौकरी केलाके पाँच सालमे बि.सं २०६१ सालमे सिलवाल नेपाली सेनाके नौकरी छोडलाह । हुनकालगा जान बचावके विकल्प वैदेशिक रोजगार मात्रे छलै । ओई समयमे वैदेशिक रोजगारीमे जायके प्रकृया कि छै, किन्हका भेट परतै? किछ नै बुझल छलै । नौकरी छोड्लाके तुरन्त बाद ऊ भारत होईत भिजिट भीषामे अफगानिस्तान पहुचलैथ ।

भिजिट भिषामे गेलाके कारण सँ ओत हुनका काम केनाई सोचल जेहन आसान नै भेलै । तेकर बाद ऊ नेपाल फिर्ता एलाह । हुनका कहुना भी घर सँ दूर रहके छलै । ऊ सुरक्षा पहरेदारके काम कर मलेसिया गेलैथ । तीन साल मलेसियामे रहलाके बाद ऊ नेपाल एलाह । तखन तक देशमे सेहो द्वन्द खतम भगेल छलै । बिद्रोही पक्ष राजनीतिक मुलधारमे आबिगेल छलै । छोटे सँ ऊ सामाजिक काजमे रुची रखैत छलाह । नेपाल एलाके बाद ऊ युवा क्लब, सहकारी संस्था सँ आबद्ध भेलैथ । २०७४ सालके स्थानीय चुनाव मार्फत ऊ जनप्रतिनिधीमे चुनेलैथ ।

> द्वन्द हुनका वैदेशिक रोजगारीमे धकेललक । अखनो सेहो बहुते युवासभके छनौटमे चाहिक या नै चाहीक वैदेशिक रोजगारी होईत छै । ऊ जनप्रतिनिधी भेलाके बाद अपने वैदेशिक रोजगारीके क्रममे भोगने दु:ख आरोके भोगा नै परे कहिक अपने उदाहरण बैनक देखाब चाहेत छैथ । ऊ



ऊ अखन गाममे ज्वालामुखी कृषि फार्म दर्ता केने छैथ । १.८८ बिघा अपन आ बाँकी किरायमे कलक जम्मा ३.६१ बिघा जमीनमे ऊ कृषी व्यवसाय केने छैथ । अखन हुनकर फार्ममे ३०० टा लोकल मुर्गा, ४० टा हाँस, २० टा टर्की, १ हजार माछ आ १० टा भैंसीके पारा पालने छैथ । १०० टा खसी पालके लेल खोर सेहो बना चुकल छैथ ।

अई संगे ऊ गाउँपालिकाके नीति निर्माणमे वैदेशिक रोजगारीके विषयके प्राथमिकता सँ देखके चाही कहिक आवाज सेहो उठारहल छैथ । अईके लेल वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल आ देशेमे किछ कर चाहवला युवाके सञ्जाल सेहो बनेने छैथ । हुनका लगैत छै, वैदेशिक रोजगारीके विकल्प होब सकैछै, लेकिन दीर्घकालिन विकल्प नै होब सकैछै । तै सँ, उत्तम विकल्प अपने व्यवसाय केनाई छै ।

# ओइसेस आउट लाउड - हमर बात



## दधिराम न्यौपान

बडा अध्यक्ष,
बुटवल उप-महानगरपालिका - १४, रुपन्देही

अखन वडा भितरके ५० वर्ष सँ उपरके उमेर समुहके अधिकाशँ आदमीसभ खोप लगाचुकल छैथ । हम सेहो खोपके दुनु मात्रा लगा चुकल छी । संक्रमण कम भेला संगे स्वास्थ्यकर्मीसँगेके समन्वयमे समूदायमे सचेतना फैलेनाई जारी रखने छी । लेकिन, सेवाग्राही सभ कार्यालयमे सेवा लेब एलापर मास्क नै लगाक आब लागल देखाई छै । ई संगे पाबैनतिहारसभ सेहो नजिक आबिरहल छै । अई सँ सेहो धिरे धिरे भीडभाड बढेतै। स्थानीयसभ स्वास्थ्य मापदण्डके पालना नै केलापर अई समयमे संक्रमण फेरो फैलतै कि से चूनौती यथावत छै ।

पालिका भितर अखन सकृय संक्रमित ने छै । लकिन, सावधानी हटैत गेला सँ फेर संक्रमण फैलतै कि से डर यथावत छै । तेसर लहरके चेतावनी संगे कोरोना विरुद्धके खोप लगाबवलाके संख्या सेहो बढला सँ ओत बेसी असर नै करतै कि कहिक लागल अछि । लेकिन, व्यक्तिगत स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड अपनाब छोड़ब त कि हेतै कह नै सकैछी । दोसर लहरके समयमे जेहन शैया आ अक्सिजन नै पाबीके जान गुमाब परवला अवस्था आब नै एतै । पालिका भितर अक्सिजन आ अस्पतालके संरचना तथा उपलव्धताके अवस्थामे अखन सुधार भेल छै

## राम प्रसाद ढकाल

प्रमुख, सामूदायिक स्वास्थ्य इकाई,
ओमसतिया - १, रुपन्देही



# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS



**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड् दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्रे स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्रे नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।

Brought to you by:

accountabilitylab communities

### DISCLAIMER

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

### REACH OUT TO US ON


- Facebook: @CivicActionTeams
- Instagram: @civacts
- Twitter: @CivActs
- YouTube: Civic Action Teams
- SoundCloud: /accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org
Phone: 9851203219